

CHARLOTTE COUNTY TRANSIT DIVISION

MODIFIKASYON REZONAB REGLEMAN YO



Jiyè 2015
(Revize 5/22)

Modifikasyon /Aranjman pou Moun ki gen Andikap

Charlotte County Transit (CCT) angaje nan bay sèvis san danje, serye, ak koutwazi, aksesib epi fasil pou itilize pou kliyan li yo. CCT angaje pou pote modifikasyon rezonab nan politik, Pratik ak pwosedi li yo pou evite diskriminasyon epi asire sèvis li yo aksesib pou tout moun ki gen andikap yo. Dat regleman sa yo ap efektif se 13 Jiyè 2015.

Regleman Aktyèl ADA se:

Sèvis pou Bèt yo:

- Charlotte County Transit pral pèmèt tout sèvis pou bèt monte machin yo oswa antre nan lokal yo. Chofè yo ka chwazi mande kliyan an si bèt la se yon “bèt sèvis.” Bèt sèvis yo se bèt kap travay yo ye, yo pa bèt kay. Bèt sèvis yo dwe anba kontwòl e byen konpòte yo toutan. Yo ka retire nenpòt bèt sèvis nan sèvis yo si li montre siy agresyon oswa konpòtman ki pa apwopriye. Si w planifye pou vwayaje ak bèt sèvis ou, souple enfòmè sèvis ekspedisyon an nan moman wap fè rezèvasyon w nan.

Asistan Swen Pèsonèl:

- Yon Asistan Swen Pèsonèl kabap vwayaje ak yon kliyan gratis. Asistan an ta obligatwa si ou bezwen èd pou ou monte ak desann machin nan, oswa èd pou ou transpòte oksijèn oubyen nenpòt lòt akseswa nesèsè. Yon kliyan kapab fè rezèvasyon pou yon konpayon epi yap peye pri tikè a menm jan ak kliyan an.

Demann pou Aranjman ap konsidere sou baz chak ka yon fason separe, epi yo kapab refize sou yonn oswa plis rezon sa yo.

- (1) Akòde demann lan ta fondamantalman chanje nati sèvis CCT a, pwogram, oswa aktivite yo.
- (2) Akòde demann lan kapab kreye yon menas dirèk pou sante oswa sekirite moun kap fè demann lan oswa lòt moun.
- (3) Akòde demann lan ta kreye yon fado finansye oswa administratif twòp pou Ajans lan; oswa
- (4) San modifikasyon sa yo, moun ki gen yon andikap otreman kapab konplètman pran sèvis CCT yo, pwogram, oswa aktivite pou rezon entansyon yo.

Nan detèmine si yap akòde ou pa yon rekèt modifikasyon, CCT ap gide pa dispozisyon ki nan Depatman Transpò Etazini 49 CFR Apendis E nan Pati 37.169.

Lè w ap chwazi pami altènativ pou Aranjman, CCT ap bay metòd ki ofri sèvis sa yo priyorite, pwogram ak aktivite pou moun ki kalifye ki gen andikap nan anviwònman apwopriye ki pi entegre pou bezwen moun nan (yo) ki gen andikap la (yo). Nan nenpòt ka kote CCT refize yon demann pou yon aranjman, CCT ap eseye asire ke moun ki gen yon andikap resevwa sèvis yo oswa benefis yo bay nan CCT pa lòt mwayen ki gen rapò ak règleman sa a.

Demann pou Modifikasyon Rezonab

Demann pou modifikasyon rezonab nan reglèman CCT yo, Pratik, oubyen pwosedi pou akomode yon moun ki gen andikap kapab fèt oswa anvan oubyen nan moman lap pran sèvis traspotasyon an. CCT kapab adrese epi akomode pi byen yon demann lè kliyan an fè demann pou modifikasyon an davans. Pwosesis pou fè yon demann dwe fèt fason sa a:

Demann Davans

- Lè w ap fè yon demann, tanpri dekri byen tout sa ki nesèsè pou ou ka sèvi ak sèvis la e poukisa asistans sa a nesèsè.
- Chak fwa sa posib, yo ta dwe fè yon demann davans. CCT pral revize demann lan, epi li pral fè tout efò pou kominike davans si wi ou non yo ka fè modifikasyon yo mande a.
- Si modifikasyon an pa fèt, CCT ap bay rezon ki fè yo refize demann nan.

Demann ki fèt menm Jou a

- Lè yon demann pou modifikasyon pa ka pratikman fèt epi detèmine davans, ou ka fè yon demann nan menm jou a, nan moman, oswa pandan sèvis la.
- Tanpri dekri an detay ki aranjman ou bezwen e poukisa li nesèsè pou ou ka sèvi ak sèvis la.
- Operatè a ka akòde demann si demann sa a rezonab epi li satisfè kondisyon politik Ajans lan.
- Si yon Operatè pa fin sèten si yo ka akòde oswa refize demann lan, li oblije konsilte avèk Koòdonatè Operasyon Transpò a oswa pi gran Manadjè Divizyon an.
- Disponibilite Operatè a ka limite lè y ap bay sèvis epi si demann lan ta mande konsiderasyon pwolonje, operatè a ka pa kapab akòde demann ou imedyatman, epi ou ka ankouraje w soumèt yon demann ekri pou plis konsiderasyon nan vwayaj nan lavni.
- Kapasite CCT a pou bay modifikasyon yo mande yo ka varye selon wout, jou vwayaj la, lè nan jounen an, oswa lòt sikonstans.
- Nan ka kote yo refize yon demann, CCT pral pran, nan limit maksimòm posib epi an konfòmite avèk règleman yo, ak lòt aksyon apwopriye pou asire ou resevwa sèvis.

Demann Modifikasyon rezonab

Yo ka soumèt pa imèl bay Laura.Richards@charlottecountyfl.gov ; oswa yon demann ekri ka poste nan 545 Theresa Blvd. Port Charlotte, FL 33954; oswa pa telefòn nan 941.833.6247.

Tout Demann Modifikasyon Rezonab yo ta dwe adrese bay Charlotte County Transit Division pou atansyon Laura Richards, Koòdonatè Operasyon Transit yo.